



Enfòmasyon sou

# Aksè nan Lang nan tribinal yo



# Itilize yon Entèprèt Tribinal la

Si w bezwen yon entèprèt, tribunal la ap mete youn a dispozisyon ou gratis. Sa yon sèvis gratis pou moun ki itilize tribunal yo.

Nan do kat sa a, wap jwen enfòmasyon sou wòl entèprèt tribal la, epi kisa entèprèt la kapab oswa pa kapab pale ak ou.

Si w gen yon kesyon oswa yon enkyetid sou sèvis entèpretasyon yo, fè jij la konn sa, pale ak Grefye tribal la (the Clerk) kote y ap koute ka ou an w la, oswa kontakte biwo Aksè nan Lang la:

Biwo Aksè nan Lang  
(*Office of Language Access*)  
Sistèm Tribal Inifye Eta New York  
(*NYS Unified Court System*)  
Biwo Administrasyon Tribal  
(*Office of Court Administration*)  
25 Beaver Street, 8th Floor  
New York, New York 10004

Telefòn: (646) 386-5670  
Imèl: courtinterpreter@nycourts.gov

- Pou ede w kominike pandan pwosedi tribal la, y ap ba ou yon entèprèt ki pale lang ou.
- Travay entèprèt la se repete ba ou nan lang ou pale a, tout sa Jij la oswa lòt moun nan tribal la di ki an Angle.
- Entèprèt la ap repete tout sa ou di nan lang ou an, an Angle tou.
- Yo p ap chanje anyen nan sa ki di oswa sote anyen nan entèpretasyon sa a.
- Entèprèt la pa gen dwa ba w konsèy oswa pale an prive avèk ou.
- Entèprèt la pa pral pale de ka w la ak okenn lòt moun deyò tribal la.
- Si yon bagay pa klè pou ou oswa si w gen yon kesyon, leve men ou. Jij la ap reponn kesyon ou yo oswa preyokipasyon w yo. Pa mande entèprèt la enfòmasyon oswa konsèy dirèkteman.